

# Li Enpòtan pou Soumèt yon Aplikasyon pou Prè SBA

---

Release Date: October 10, 2022

**TALLAHASSEE** – FEMA ka refere sivivan Siklòn lan bay Administrasyon Ti Biznis Etazini (SBA) ak enfòmasyon sou fason pou aplike pou yon prè pou katastwòf. Pwopriyetè kay, lokatè, pwopriyetè biznis ak deseri òganizasyon san bi likratif ka elijib. Li enpòtan pou soumèt aplikasyon prè a pi vit posib.

Si yo apwouve aplikasyon w lan, ou pa oblije aksepte yon prè SBA men si w pa retounen aplikasyon an, sa ka diskalifye w nan lòt asistans finansyè posib nan men FEMA ak Eta Florid.

Prè pou katastwòf SBA yo se pi gwo sous fon federal pou rekiperasyon pou sivivan katastwòf yo. SBA ofri prè pou katastwòf alontèm ak enterè ki ba pou biznis tout gwosè, òganizasyon prive san bi likratif, pwopriyetè kay ak lokatè.

Prè pou katastwòf SBA yo kouvri pèt ki pa konplètman konpanse pa asirans oswa lòt resous. Sivivan yo pa ta dwe tann yon règleman asirans anvan yo soumèt yon aplikasyon prè SBA. Yo ka dekouvri yo pa gen ase asirans pou franchiz, travay ak materyèl ki nesèsè pou repare oswa ranplase kay yo.

Ou ka aplike sou Entènèt lè w sèvi avèk Aplikasyon Prè Elektwonik (ELA) atravè sitwèb ki an sekirite SBA a nan [disasterloanassistance.sba.gov/](https://disasterloanassistance.sba.gov/) oswa lè w vizite yon Sant Rekiperasyon Katastwòf. Ou ka mande aplikasyon sou papye lè w rele Sant Sèvis Kliyan SBA a nan 800-659-2955. Si ou soud, ou gen pwoblèm pou tandè, oswa ou gen yon andikap lapawòl, tanpri rele 7-1-1 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekominikasyon yo oswa voye yon imèl bay [disastercustomerservice@sba.gov](mailto:disastercustomerservice@sba.gov). Pa gen okenn kòb pou w peye pou w aplike pou yon prè SBA pou katastwòf.

Espesyalis prè pou katastwòf SBA yo disponib pou pale ak pwopriyetè kay ak lokatè yo nan tout Sant Rekiperasyon pou Katastwòf Laflorid yo, ki ouvri sèt jou pa semèn soti 9 am jiska 6 pm.



**FEMA**

Page 1 of 2

Pwopriyetè kay yo ka elijib pou yon prè pou katastwòf jiska \$200,000 pou reparasyon estriktirèl rezidans prensipal oswa rekonstwiksyon. SBA kapab tou kapab ede pwopriyetè kay ak lokatè ak jiska \$40,000 pou ranplase pwopriyete pèsònèl enpòtan, tankou otomobil ki domaje oswa detwi nan katastwòf la.



**FEMA**

Page 2 of 2